

Asi Pauro akadanidzira achiti, "Usazvikuvadza! Tiri muno tosei!" Muchengeti wetorongo akadanidzira kuti mwenje utungidzwe, akapinda achimhanya akawira pamberi paPauro naSirasi achidedera. Ipapo akavabudisa kunze akati kwavari, "Vakuru, ndingatita sei kuti ndiponeswe?" Vakapindura vakati, "Tenda kuna She Jesu ugoponeswa, iwe neimba yako."

Ipapo vakataura shoko raShe kwavari nokuna vose vakanga vari mumba. Nenguva yousiku iyoyo, muchengeti wetorongo akavatora akashambidza maronda avo; uye pakarepo, akabhahatidzwa iye nemhuri yake. Muchengeti wetorongo akaenda navo kumba kwake akavagadzirira zvokudya; akazadzwa nomufaro nokuti akanga atenda kuna Mwari, uye nemhuri yake.

Kurumbidza Mwari

Mabasa Avapostori 16:23-34

Shure kwokurohwa zvikuru, vakaiswa mutorongo, uye muchengeti wetorongo akarayirwa kuti avachengetedze kwavo. Akati agamuchira kurayira uku, akavaisa muchitokisi chomukati akasungirira tsoka dzavo pamatanda.

Panenge pakati pousiku, Pauro naSirasi

vakanga vachinyengetera uye vachiimba nziyo kuna Mwari, uye vamwe vasungwa

vakanga vakavateerera. Pakarepo pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru zvokuti


nheyo dzetorongo dzakazungunuka. Kamwe kamwe masuo etorongo akazaruka, uye

ngetani dzavanhu vose dzakasununguka. Muchengeti wetorongo akamuka, uye

paakona masuo etorongo azaruka akavhomora munondo wake uye akada

kuzivuraya nokuti akafunga kuti vasungwa vakanga vapunyuka.

Kurumbidza Mwari




Panenge pakati pousiku, Pauro naSirasi vakanga vachinyengetera uye vachiimba nziyo kuna Mwari, uye vamwe vasungwa vakanga vakavateerera. Mabasa Avapostori 16:25

44-16 Praising God

www.GodsPeopleStudy.org

Bible Verses are Shona:

Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare



Panenge pakati pousiku, Pauro na Sirasi vakanga vachinyengetera uye vachiimba nziyo kuna Mwari, uye vamwe vasungwa vakanga vakavateerera. Mabasa Avapostori 16:25